



Chikungunya

Kisa chikungunya a ye?

Chikungunya se yon viris ke marengwen bay moun. Chikungunya te jwenn nan peyi nan tout mond lan. Kounyea, marengwen nan Etazini pa bay chikungunya, men moun kap vwayaje nan lòt peyi oswa manm fanmi nan lòt peyi kapab trape l. Peyi sa yo gen ladan Brezil, Kolonbi, Repiblik Dominikèn ak Ayiti. Li posib chikungunya pral gaye sou marengwen nan lòt zòn, ki enkli Etazini. Pou enfòmasyon ki pi resan nan ki kote yo te jwenn Chikungunya, vizite: <http://www.cdc.gov/chikungunya/geo/index.html>.

Kijan w pran chikungunya?

Se yon piki marengwen ki bay moun Chikungunya. Marengwen yo pran chikungunya lè yo pike yon moun ki malad deja. Marengwen yo ki bay chikungunya nòmalman pike moun lajounen (anpil lòt marengwen ki ka bay maladi pi aktif byen bonè nan aswè jis byen bonè nan maten).

Kisa sentom chikungunya yo ye?

Sentom yo devlope nòmalman 3-7 jou apre yon marengwen fin pike w. Sentom yo enkli fyèv, doulè nan jwenti, maltèt, doulè nan misk, enflamasyon jwenti oswa gratèl. Pifò moun pral gen kèk sentom tankou fyèv ak doulè nan jwenti. Menmsi chikungunya pa fasil poul ta kòze lanmò, sentom yo ka vin grav. Pifò moun ka vin miyò nan yon semèn, men doulè jwenti a ka dire anpil mwa.

Kijan w ka dyagnostike chikungunya?

Si w genyen sentom yo jan li eksplike anwo a, al wè doktè w lamenm. Di doktè w si w fèk vwayaje. Li ka fè kèk egzamen san pou chèche si w gen chikungunya oswa lòt maladi ki sanble avè l.

Kijan yo trete chikungunya?

Kounyea pa gen tretman pou chikungunya. Bonjan swen ka ede soulaje sentom yo, ki enkli repoze anpil, bwè likid pou anpeche dezidratasyon epi kèk medikaman ka ede soulaje fyèv ak doulè sa ki enkli ibipwofèn, napwoksèn, asetaminofèn, oswa parasetamòl.

Ki moun ki ka genyen chikungunya?

Nenpòt moun ki ekspoze a piki marengwen nan yon peyi ki gen chikungunya kapab malad. Sa enkli nenpòt moun ki vwayaje oswa viv nan peyi nan Karayib la ak Amerik di Sid. Moun ki ka plis gen yon maladi grav akòz chikungunya se tibebe ki fèk fèt, moun ki gen 65 lane oswa plis, ak moun ki gen kondisyon medikal tankou tansyon wo, dyabèt oswa maladi kè.

Prevni Piki Marengwen:

Pandan w deyò nan yon kote ki gen marengwen:

- Sèvi ak yon pwodwi kont marengwen. Pwodwi EPA apwouve ki enkli sa ki gen DEET, lwil ekaliptis sitwone, Picaridin oswa IR3535. Li direksyon yo sou etikèt pwodwi a pou chèche konnen ki prekosyon pou pran e konbyen tan pwodwi a efikas.
- Si w sèvi ak yon pwodwi ki gen DEET, pa sèvi ak konsantrasyon plis pase 30% sou adilt e sèvi ak ti konsantrasyon DEETsou timoun. Mete DEET sou po a ki ekspoze (eksepte zye oswa bouch) e sou rad, men pa sèvi avè l sou blesi oswa maleng. Pa mete li anba rad.
- Pa kite timoun mete pwodwi kont marengwen poukont yo. Mete pwodwi kont marengwen an sou men w e fwote l sou timoun nan. Pa mete pwodwi kont marengwen nan zye, bouch oswa men timoun e sèvi avè l ak prekosyon alantou zòrèy yo. Pa mete DEETsou tibebe (yo ka sèvi ak moustikè sou pousèt tibebe) oswa lwil ekaliptis sitwone sou timoun pi piti pase 3 zan daj.

- Lè tanperati a favorab, mete rad pou pwoteje w tankou chemiz manch long, pantalon long ak chosèt.
- Sèvi ak èkondisyone oswa griy fenèt/pòt pou kenbe marengwen deyò. Si nesèsè, dòmi anba yon moustikè.

Prevni Repwodiksyon Marengwen:

Marengwen bezwen dlo pou repwodwi. Ti marengwen (larvae) viv nan dlo anvan yo tounen adilt ki ka vole. Yo dwe vide bagay ki kolekte dlo omwen yon fwa pa semen pou prevni repwodiksyon marengwen.

- Veso: Mete tèt anba oswa kouvri tout po flè ki pa sèvi, bokit, poubèl ak bwouwèt. Chanje dlo nan basen pou zwazo yon fwa pa semèn.
- Goutyè: Retire fèy ak lòt debri ki ka bouche goutyè yo e kenbe dlo.
- Pisin: Kouvri tout pisin ki pa sèvi e mete tèt anba tout pisin timoun lè yo pap sèvi. Asire nou retire tout fèy ak tout dlo sou kouvèti pisin yo. Mete tretman nan gwo pisin yo e fè dlo a sikile.
- Vye kawoutchou: Kouvri oswa jete yo. Yo se yon bon jan plas pou marengwen repwodwi.

